



Pou Piblikasyon Imedya: 22/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON NAN JOUNEN LATÈ A POU KLOTIRE SEMÈN LATÈ A

*Vini apre [Envestisman nan Anviwònman](#) istorik Gouvènè Hochul yo nan Bidjè Ane Fiskal 2023 a*

### *Li pwoklamasyon an [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) sou Jounen Latè a pou klotire Semèn Latè a. Sa vini apre [envestisman odasye, san presedan](#) Gouvènè a nan enfrastrikti enèji ak rezistans klimatik nan Bidjè Ane Fiskal 2023, ansanm ak [anons](#) 638 milyon dola sibvansyon Gouvènè a pou modènize enfrastrikti dlo atravè eta a. Gouvènè Hochul te anonsé tou [apwobasyon kontra](#) pou bay elektrisite renouvlab pou Vil New York ak yon [envestisman 150 milyon dola](#) pou ranplase enfrastrikti sistèmn idwolik ak egou nan Mount Vernon k ap pwouve pi plis angajman Eta New York nan pwogrè jistis anviwònmantal pou tout kominate yo.

"New York se yon lidè nan batay kont chanjman klimatik la, epi ane sa, n ap selebre Jounen Latè a pa sèlman avèk mo, men ak aksyon," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou envesti nan sistèm ewolyèn nan kot, kay ki respekte klima, bis lekòl zewo emisyon, epi ogmante Dlo Pwòp, Lè Pwòp, ak Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Travay ki Ekolojik, se sèlman kèk nan mwayen pou New York atake menas egzistansyèl chanjman klimatik la epi fè eta nou an vin yon eta ki pi ekolojik epi pi dirab. Nou dwe asire ke nou kite planèt nou an pi byen pou timoun nou yo ak pitit yo, epi nan New York nou pran responsabilite sa seryezman."

Gouvènè Hochul te pibliye pwoklamasyon sa pou selebre Semèn Latè a, nan jou ki te vini apre selebrasyon Jounen Latè anyèl la nan dat 22 avril. Ou ka wè yon kopi konplè pwoklamasyon an [isit la](#).

Nan kòmansman semèn sa, Gouvènè Hochul [te anonsé](#) ke Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) eta a te bay plis pase 638 milyon dola sibvansyon pou minisipalite ak otorite publik yo pou 199 pwojè enfrastrikti dlo atravè eta a ki pwoteje sante publik oswa amelyore kalite dlo. Apeprè 601 milyon dola nan sibvansyon Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo a ak plis pase 37 milyon dola nan sibvansyon federal siplemantè ki pral sipòte anviwon 1.6 milya dola nan

envertisman pou enfrastrikti total. Sibvansyon yo prevwa kontribiye nan plis pase 35,000 travay pou ekonomi New York la ak ekonomize kontribiyab yo anviwon 1.4 milya dola. Anons jodi a make pi gwo sibvansyon ke yo janm bay pou nan kad Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo a (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA).

Gouvènè a [te anonse](#) tou, ke Komisyon Sèvis Piblik Eta a (State Public Service Commission) te apwouve kontra avèk Clean Path New York LLC pou pwojè Clean Path NY (CPNY) li a ak H.Q. Energy Services Inc. (HQES) pou pwojè Champlain Hudson Power Express (CHPE) li a pou livre enèji solè, enèji ewolyèn ak idwo-elektrik pwòp, renouvlab, soti nan rejon nò New York ak Kanada rive nan Vil New York. Premye pwojè enèji renouvlab ak transmisyon inik eta a nan kalite sa prevwa bay jiska 5.8 milya dola benefis jeneral pou sosyete a nan tout eta a, ki enkli rediksyon gaz ki lakòz efè sèr ak amelyorasyon kalite lè a, ak 8.2 milya dola nan devlopman ekonomik atravè eta a, ki enkli envertisman nan kominote ki defavorize yo.

Gouvènè Hochul [te anonse](#) tou yon envertisman istorik 150 milyon dola ak yon patenarya tripati san parèy ki etabli avèk Majistra Mount Vernon lan, Shawyn Patterson-Howard, ak Chèf Egzekitif Konte Westchester a, George Latimer, pou avanse imedyatman travay pou adrese defi enfrastrikti dlo ak defi sante piblik ki gen rapò ak li ki dire depi lotan ki déjà ap ravaje vil Mount Vernon pandan plizyè deseni. Anons sa genyen ladan I, 7 milyon dola pou lanse imedyatman 'Pwojè Egou Third Street la; ke, lè li fini, ap asire sèvis dlo ize ki fyab pou 500 kay ki tou pre a ki kounye a sèvi ak ponp tanporè ak yon sistèm enpwovize ki enstale nan lari a pou asire koleksyon dlo ize.

Gouvènè Hochul [te anonse pwoteksyon 476 ekta](#) forè ki enpòtan sou plan ekolojik sou tout Plato Rensselaer apre yo te fin pran I nan men Rensselaer Plateau Alliance, ki te yon benefisyè tou pami 51 fon fidisyè fonsye san bi likratif k ap resevwa plis pase 3.3 milyon dola nan finansman Eta a [ki te anonse nan kòmansman semèn sa](#).

Nan kòmansman mwa sa, Gouvènè Hochul [te detaye pwen kle](#) envertisman ak inisyativ anviwònmantal Bidjè Ane Fiskal 2023 yo:

### **Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik Elaja**

Bidjè Adopte a otorize 1.2 milya dola siplemantè pou yon total 4.2 milya dola pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik istorik la. Inisyativ istorik ke elektè yo pral pran an konsiderasyon nan fen ane sa, pral bay sipò New York bezwen pou bay dlo potab; envesti nan enfrastrikti dlo enpòtan; retabli abita anviwònman ki enpòtan yo; diminye risk inondasyon; prezèv espas anplennè nou ak fèm lokal nou yo; epi envesti nan pwojè diminisyon chanjman klimatik ak adaptasyon ki pral redui polisyon lè, diminye emisyon kabòn ak amelyore kapasite pou kominote New York yo reziste ak ogmantasyon nan evènman meteyowolojik grav ak inondasyon ke klima a lakòz. Lwa sou Obligasyon an pral sipòtou yon envertisman konsiderab nan inisyativ Ekolojik ak Netwayaj Lekòl (Clean Green Schools) la ki pral atenn chak lekòl piblik ki nan yon kominote ki defavorize.

## Inisyativ Anviwònmantal

Anplis de Lwa ou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik la, Bidjè a bay 400 milyon dola nan Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF) pou sipòte inisyativ pou diminisyon chanjman klimatik ak adaptasyon, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab, pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite Iwazi pou Nouyòkè yo. Anplis de sa, gen 500 milyon dola nan finansman enfrastrikti dlo pwòp ki enkli, k ap mete envestisman total Eta a nan dlo pwòp nan 4.5 milya dola depi 2017.

Finansman Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la pral ogmante nan 15 milyon dola. Ogmantasyon sa prale kouvri bezwen kapital yo pou amelyore aksè nan teren Eta yo, reyamenaje teren kan yo epi modènize etablisman Iwazi li yo, tout sa yo kòm yon pati nan pwogram Avanti NY la ki konekte Nouyòkè yo avèk lanati. Finansman sa pral tou bay lajan pou reparasyon sanitè ak sekirite yo nan enfrastrikti eta yo, ki enkli baraj yo, retablisman tèren ki imid yo, tèren eta yo, kouvez pou pwason yo. Bidjè adopte a gen ladan tou 20 milyon dola siplemantè nan finansman pou amelyorasyon nan enfrastrikti nan Baraj Conklingville eta a posedé.

An akò avèk angajman Gouvènè a pou pwoteje resous natirèl New York yo, Bidjè a gen ladan I amelyorasyon esansyèl nan pwogram pwoteksyon tè imid Eta a yo, k ap pwoteje anviwon senk san mil ekta abita tè imid siplemantè ki pa pwoteje epi ede New York adapte pou plis inondasyon ak gwo tanpèt ke chanjman klimatik la lakòz.

Bidjè a gen ladan yon pwolongasyon ak ekspansyon [Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl ki P ap Itilize](#) (Brownfield Cleanup Program, BCP) reysi Eta New York la, ki te defini pou ekspire nan desanm 2022. Pwogram lan otorize ankò pou 10 ane. Bidjè a amelyore pwogram lan nan ankouraje netwayaj nan kominote defavorize yo. Anplis de sa, pwogram lan reyafime angajman Gouvènè Hochul pou devlopman lojman abòdab nan elají inivè pwogram lojman abòdab yo pou kredi fiskal sou pwopriyete BCP, sa ki bay benefis vital pou ankouraje reyamenajman teren endistriyèl ki p ap itilize yo pou tounen lojman abòdab endispansab. Mete sou sa, BCP kounye a ankouraje devlopman kèk sit enstalasyon enèji renouvlab, avèk nouvo kredi fiskal, pou ede konsantre sou reyamanejman ki oryante vè BCP epi satisfè objektif klimatik anbisye Eta a yo.

## Bis Lekòl Zewo Emisyon

Pou kapab amelyore kalite lè pou Nouyòkè ki nan laj pou lekòl yo, Bidjè Eta a egzije pou tout nouvo bis lekòl yo achte yo se zewo emisyon disi 2027 epi pou tout bis lekòl sou wout yo se zewo emisyon disi 2035. Bidjè Eta a pral bay 500 milyon dola atravè Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la pou sipòte distri lekòl yo nan acha bis zewo emisyon ak enfrastrikti rechaj ki gen rapò sa gen ladan estasyon rechaj yo. Anplis de sa, Bidjè Eta a otorize distri lekòl yo lwe oswa finanse bis emisyon zewo yo pou 12 ane, plis pase de fwa limitasyon senk ane aktyèl pou bis dyezèl yo pou kapab ede distri yo satisfè objektif sa epi asire Èd pou Transpò yo bay pou bis zewo emisyon yo ak enfrastrikti rechaj ki gen rapò yo.

Bidjè a pral baze sou angajman Gouvènè Hochul pran pou l pote dirabilite anviwònmantal pou lekòl New York yo. Inisyativ Lekòl Vèt Pwòp (Clean Green Schools) la ke "Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik" la (Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act) sipòte, k ap sèvi plis pase 1,000 lekòl publik epi benefisyé apeprè 1 milyon elèv. Pwogram lan pral mennen gwo amelyorasyon nan enfrastrikti, tankou chofaj jewotèmik ak klimatizasyon, enèji solè, twati vèt ak lè bon kalite/vantilasyon alenteryè. Envestisman vital sa pral non sèlman ranfòse ekonomi eta a men tou fè avanse jistis klimatik nan pote enèji pwòp ak yon anviwònman alenteryè ki pi sen pou lekòl publik ki pa gen ase resous yo.

### **Kay ki Adapte pou Klima**

Nan kad angajman Gouvènè a pou sipòte devlopman omwen 1 milyon kay ki elektrifye ak jiska 1 milyon kay ki pare pou elektrifikasyon disi 2030, bidjè ki adopte a bay finansman pou yon Plan Lojman 25 milya dola, sou senkan, ki pral kreye ak prezèv 100,000 kay abòdab epi elektrifye 50,000 kay anplis.

### **Envestisman Ewolyen Olaj Kòt**

Bidjè Adpote a gen ladan yon envestisman 500 milyon dola pou devlope chèn apwovizyonman enèji ewolyèn olaj zòn kot Eta a ak enfrastrikti pòtyè. Inisyativ sa k ap mennen nan peyi a pral kreye 2,000 travay nan yon endistri k ap grandi, pandan y ap ede fè New York vin kapital enèji ewolyèn olaj zòn kot nan peyi a.

### **Finansman Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik**

Bidjè Adopte a pral ogmante finansman pou Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) la ki se 140 milyon dola, pou yon total 250 milyon dola. Ogmantasyon sa pral envesti nan ranfòse ak amelyore pak Eta New York yo. Gwo finansman sa a pral ede transfòmasyon kontinyèl pak vedèt New York yo epi sipòte pwojè enfrastrikti ki enpòtan nan tout sistèm pak la.

Finansman an pral pèmèt Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la kontinye misyon li pou bay opòtinite lwazi ak entèpretasyon sekirité pou rezidan ak vizitè Eta New York yo. Fonksyon biwo a kòm jeran resous natirèl, istorik ak kiltirèl presye Eta New York. OPRHP jere sistèm Pak Eta a, yon rezo 181 pak ak 35 sit istorik Eta a. An 2021, sistèm lan resevwa yon rekò 78.4 milyon vizitè.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la ak Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la sipèvize ansanm 2.17 milyon ekta espas ouvri nan tout eta a, sa gen ladan 1.05 milyon ekta nan Pak Adirondack ak apeprè 121,406 ekta nan Rezèv Forè Catskill la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)